# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 अक्टुबर 2023 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु देशभर में चलावल गइल स्वच्छता ही सेवा महाभियान क अगुवाई कइलें। ऊ फिटनेस प्रशिक्षक अंकित बैयानपुरिया के साथे सफाई अभियान में शामिल भइलें। स्वच्छता खातिर **एक तारीख, एक घंटा, एक साथ** के प्रधानमंत्री मोदी के आह्वान पर आजु देश भर में लोगि भागीदारी कइलें।

**********

प्रदेश में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ स्वच्छता महाभियान क अगुवाई कइलें। उहां के सीतापुर के नैमिषारण्य धाम में स्वच्छता ही सेवा के तहत श्रमदान कई के राष्ट्रपिता महात्मा गांधी के स्वच्छांजलि अर्पित कइलें। श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी स्वच्छ भारत–स्वस्थ भारत के संकल्प की सिद्धि खातिर स्वच्छता के जनांदोलन बना दिहलें हवें। प्रदेश भर में आजु स्वच्छता खातिर लोगिन श्रमदान कइलें। ब्यौरा हमरे संवाददाता से–

***सीतापुर में स्वच्छता अभियान में हिस्सा लेने के बाद सीएम योगी आदित्यनाथ ने कहा कि स्वच्छता हमारी पहली जिम्मेदारी है, भक्ति की शुरूआत भी स्वच्छता से होती है. उन्होंने लोगों से धार्मिक स्थलों पर पॉलीथिन का प्रयोग न करने की अपील की। मुख्यमंत्री ने कहा कि गांधी जयंती से पहले उत्तर प्रदेश ने ग्रामीण क्षेत्रों में ओडीएफ+ का लक्ष्य हासिल कर लिया है। शहरी विकास एवं ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा ने जन प्रतिनिधियों एवं पार्टी पदाधिकारियों के साथ आगरा में स्वच्छता अभियान में भाग लिया और केन्द्रीय सड़क परिवहन राज्य मंत्री डॉ. वी.के. सिंह ने गाजियाबाद में शहीद स्थल मेट्रो स्टेशन पार्क में स्वच्छता अभियान में हिस्सा लिया। वाराणसी में एनडीआरएफ की टीम ने दशाश्वमेध घाट, राजेंद्र घाट और दशाश्वमेध भवन में व्यापक सफाई अभियान चलाया। एनडीआरएफ और आईटीबीपी की टीमों ने लखनऊ में भी सफाई अभियान में हिस्सा लिया। स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रम के अंतर्गत आज बेसिक एवं माध्यमिक विद्यालयों के छात्र–छात्राओं द्वारा प्रभात फेरी निकाली गयी। विद्यार्थियों एवं शिक्षकों ने विद्यालय परिसर की साफ–सफाई की। – ओम अवस्थी, आकाशवाणी समाचार लखनऊ***

**********

प्रदेश भर में आजु **एक तारीख, एक घंटा, एक साथ** स्वच्छता महाभियान में लोगि बढ़ि–चढ़ि के हिस्सा लिहलें। उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक लखनऊ में मॉल एवेन्यू में श्रमदान कइलें अउर सफाईकर्मियन के सम्मानित कइलें।

चंदौली में केंद्रीय भारी उद्योग मंत्री डॉ महेंद्र नाथ पाण्डेय स्वच्छता महाभियान में श्रमदान कइलें। मिर्जापुर में केंद्रीय राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल, विधान परिषद सदस्य श्याम नारायण सिंह, नगर विधायक रत्नाकर मिश्र सरदार पटेल चौराहा भरूहना में झाड़ू लगा के सफाई अभियान क शुभारंभ कइलें। विंध्य क्षेत्र के गलियन अउर गंगा घाटनो पर विशेष सफाई अभियान चलावल गइल।

गोरखपुर में रामगढ़ताल किनारे नौका विहार अउर आसपास के  में सफाई अभियान चलावल गइल। महापौर डॉ मंगलेश कुमार श्रीवास्तव इहां स्वच्छता महाभियान में श्रमदान कइलें। पूर्वोत्तर रेलवे क महाप्रबंधक चंद्र वीर रमण के अगुवाई में गोरखपुर जंक्शन पर रेलवे के अधिकारियन अउर कर्मचारियन लोगि साफ–सफाई कइलें।

मऊ में पुलिस अधीक्षक अविनाश पांडे नगर के बह्मस्थान मंदिर परिसर में स्वच्छता अभियान चलवलें। बलरामपुर में सशस्त्र सीमा बल नवीं वाहिनी के ओरि से सार्वजनिक जगहिन पर साफ–सफाई कइल गइल। सथही, एनसीसी कैडेड्सो स्वच्छता महाभियान में हिस्सा लिहलें। जौनपुर में रोडवेज परिसर, लोहिया पार्क अउर सद्भावना पुल पर स्वच्छता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। जिला क नोडल अधिकारी प्रबंध निदेशक जल निगम राकेश कुमार मिश्रा कहले कि लोगिन के स्वच्छता के अपने जीवन क अंग बनावे के चाहि। रोडवेज परिसर में हस्ताक्षर अभियान चला के लोगिन के स्वच्छता खातिर जागरूक कइल गइल।

देवरिया में नगर पालिका अध्यक्ष अल्का सिंह, नोडल अधिकारी आ सचिव नगर विकास अजय शुक्ला अउर जिलाधिकारी अखंड प्रताप सिंह गायत्री मंदिर स्थित सरोवर अउर उकरे आसपास के राही पर साफ–सफाई कइलें। अउरियो जिलन में भी लोगि बस अड्डन, पारकन, नदी घाटन, ऐतिहासिक जगहिन आ अउरियो जगहिन पर खास सफाई अभियान में हिस्सा लिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सीतापुर के नैमिषारण्य धाम में पांचि सौ पचास करोड़ रूपिया क परियोजनन क लोकार्पण अउर शिलान्यास कइलें। येह मौका पर आपन संबोधन में उहां के कहलीं कि प्रदेश सरकार समाज के सज्जो वर्ग के बिना भेदभाव कल्याणकारी योजनन क लाभ दे रहल हौ। श्री योगी कहले कि उनकर सरकार तीर्थ स्थलन ले पहुंचे वाले राहि के मजबूत कइलें क कार कइलें हौ। उहां के कहली कि जलदिये लखनऊ से नैमिषारण्य के बिच्चे इलेक्ट्रिक बस चली।

मुख्यमंत्री लोगिन के भरोसा दियवले कि नैमिषारण्य के विकास कार में केहु के क्षति नाहीं पहुंचावल जाई। उहां के कहलीं कि सरकार सज्जो लोगिन के व्यवस्थित पुनर्वास क व्यवस्था करी। श्री योगी कहलें कि नैमिषारण्य में विकास योजनन के पूरा भइले के बाद इहां के लोगिन क आमदनी में कई गुना बढ़ोत्तरी होई।

**********

बनारस में आजु दुपहरिया बरखा भइले से कई गो इलाकन में जलभराव हो गइल। जगहि–जगहि जाम क स्थिति बनल रहले से लोगिन के परसानी क सामना करे के पड़ल।

**********